

Chapit 5. Prensip jeneral pou elèv
Seksyon 5.321

Règleman 5.321 Pou administrate medikaman/tretman bay elèv

1. Responsablite ak otorite pèsònèl anlwaye Distri lekòl la konsènan medikaman elèv
 - a. Dapre § 1006.062(1) lwa eta Florid la, "kèlkeswa estipilasyon kontrè ki te gen nan Lwa sou Pratik Enfimyè a, pati I Chapit 464, anlwaye distri lekòl la kab ede elèv yo nan administrasyon medikaman sou preskripsyon y ap pran yo," si kondisyon sa yo ranpli:
 - i. Daprè jan Lwa § 1006.062(1)(b)1 eta Florid mande sa, pou chak medikaman ki preskri, paran oswa responsab elèv la ap bay direktè (tris) lekòl la yon fòm Otorizasyon Doktè pou Medikaman/Tretman pou elèv ("Fòm Otorizasyon") Depatman Lasante prepare) k ap bay direktè (tris) lekòl la oswa reprezantan li pèmisyon pou ede administrate kalite medikaman konsa ak ki eksplike nesosite pou dispansè medikaman an pandan jou lekòl, ki gen ladan nenpòt okazyon kote elèv la andeyò pwopriyete lekòl la nan yon aktivite ofisyèl lekòl la ap fè;
 - ii. "Direktè/tris lekòl la oswa yon moun li antrene ki reprezante li, ap ede elèv la nan administrasyon yon medikaman konsa," dapre lwa §1006.062(1)(b)(1) Eta Florid;
 - iii. Yon enfimyè lisansye, yon enfimyè sètifye, yon asistan doktè oswa yon doktè ap gen pou bay anlwaye distri a trening dapre yon metòd Konsèy administrasyon Distri lekòl la ap gen pou ajoute nan plan sèvis sante pou lekòl yo dapre jan Lwa § 1006.062(1)(a) eta Florid egzije sa;
 - iv. "Chak medikaman ki preskri anlwaye distri lekòl la ap gen pou resevwa ak ede administrate dwe byen konte ak kachte nan bwat oswa flakon orijinal li. Lè medikaman an pa p sèvi, li dwe kachte nan bwat oswa flakon orijinal li, an sekirite, sou kle byen kadnase yon kote direktè/tris lekòl a te deziye pou sa" , dapre Lwa § 1006.062 (1)(b)2 eta Florid;
 - v. Dwe gen yon fòm otorizasyon pou medikaman/tretman elèv yon doktè nòmalman ranpli ("Fòm otorizasyon" depatman lasante prepare) ki klase nan dosye elèv la ak masyon medikaman an patikilye; epi
 - vi. Yo te ranpli lòt kondisyon yo, ak suiv pwosedi yo, menm jan li tabli nan Règleman sa a, Seksyon 1(b) jiska 8(f)(ii).
 - b. Chak direktè (tris) lekòl dwe deziye yon minimòm de (2) anlwaye distri a pou asiste nan administrasyon medikaman. Moun ki deziye sa a yo ap resevwa trening nan kòmansman chak ane eskolè.
 - c. Direktè (tris) la ap deziye ki anlwaye distri a k ap administrate medikaman an, si nesèsè, pandan yon pwomnad. Enfimyè lekòl la ap bay moun ki deziye sa a trening pou sa.
 - d. Fòm otorizasyon paran responsab elèv la bay la ap yon dosye medikal konfidansyèl. Fòm otorizasyon an ap rete disponib pou revizyon sèlman pou anlwaye distri direktè/tris lekòl la deziye pou administrate medikaman an.
 - e. Lè paran/responsab la siyen fòm otorizasyon an, li bay anlwaye distri direktè (tris) lekòl la deziye a pou:
 - i. administrate medikaman/tretman;
 - ii. pataje enfòmasyon ki apwopriye ak estaf apwopriye; ak/oswa
 - iii. kontakte doktè elèv la konsènan medikaman yo kòmande a.
 - f. Dapre Lwa § 1006.062(2) eta Florid, "Pa p genyen responsablite legal pou domaj sivil kòm yon rezilta administrasyon medikaman konsa, lè moun ki administrate medikaman an te aji ak tout pridans, nòmalman menm jan yon moun ta kab aji òdinèman nan menm sikonstans yo."
 - g. Lekòl yo pa gen okenn otorite san fòm otorizasyon an oswa fòm konsantman paran responsab la pou administrate, oswa oblije elèv yo pran medikaman.
 - h. Yo dwe kenbe medikaman yo kadnase a doub tou nan bifèt oswa frijidè ki klele.
 - i. Yo dwe administrate medikaman an konfòmite ak egzijans seksyon (7) règleman sa a.
 - j. Kòmand pou Medikaman/Tretman ak Dosye pou Administrasyon Medikaman (MAR) ki fèt yo dwe klase nan dosye konfidansyèl sante elèv la (ki lokalize nan ofis sante lekòl la).
2. Otorite ak Responsablite Enfimyè lekòl la

- a. Nan lekòl ki gen enfimyè ki travay a plen tan yo, se enfimyè lekòl sa yo ki dwe administre pwogram administrasyon medikaman an.
 - b. Nan lekòl ki gen enfimyè ki travay a tan pasyèl yo, oswa lè enfimyè lekòl la absan, se direktè (tris) lekòl la ki gen dwa administre medikaman yo.
 - c. Yo dwe administre medikaman/tretman an konfòmite ak preskripsyon ki nan seksyon (7) règleman sa a.
3. Demand paran/responsab pou medikaman/tretman elèv
- a. Pou yon elèv resevwa medikaman/tretman nan lè lekòl la ap travay, paran responsab la dwe fè demand la fòmèlman devan enfimyè lekòl la oswa direktè (tris) la alekri sou fòm Otorizasyon apwopriye a. Anplis, se responsablite paran responsab (yo) pou notifiye administrasyon lekòl la si elèv la bezwen itilize kèk aparèy kèlkonk pou kontwole glikoz nan san li ak/oswa pou kapab pran ensilin pandan li lekòl la.
 - b. Yo dwe soumèt yon fòm otorizasyon separe pou:
 - i. chak medikaman;
 - ii. chak tretman;
 - iii. chak chanjman dòz; ak/oswa
 - iv. chak nouvèl ane lekòl.
 - c. Paran responsab/responsab la kab vin reklame oswa rekipere medikaman/tretman lekòl la nenpòt lè avan ane eskolè a fini.
 - d. Y ap detwi tout medikaman paran responsab pa vin rekipere yon (1) semèn apre dat ekspirasyon kòmand doktè a.
 - e. Y ap detwi tout medikaman paran responsab pa vin rekipere de (2) jou aprè fèmti ane eskolè a.
 - f. Lè yon medikaman detwi, aksyon an ap konsistan ak Lwa § 499.0121 eta Florid, nan menm fason an pou asire destriksyon sibstans la konsa pa gen moun ki ta kab itilize medikaman an oswa an danje akoz li.
 - g. W ap jwen fòm Otorizasyon an nan klinik doktè elèv la.
4. Medikaman/Tretman Doktè Preskri
- a. Se paran/responsab elèv yo ki dwe pote lekòl la medikaman doktè preskri yo nan bwat oswa flakon orijinal famasi a te bay remèd sa yo.
 - b. Se enfimyè lekòl la ak/oswa reprezantan direktè (tris) la yo dwe remèt medikaman an bay.
 - c. Bwat oswa flakon medikaman an dwe gen sou li etikèt orijinal famasi oswa doktè a te mete sou li a kote li dwe montre:
 - i. non elèv la;
 - ii. non doktè a;
 - iii. non medikaman an, dòz ak enfòmasyon sou jan pou administre li;
 - iv. nimewo preskripsyon (si gen youn);
 - v. dat preskripsyon an; ak
 - vi. dat ekspirasyon remèd la.
 - d. Si medikaman ki preskri a prezante sou fòm grenn oswa konprime, enfimyè a ak/oswa reprezantan direktè (tris) lekòl la dwe konte kantite grenn/konprime sa yo an prezans paran/responsab la, epi yo tou de dwe siyen fòm Dosye pou administre medikaman elèv la ak dat yo fè l la, kantite medikaman yo resevwa ak siyati yo.
 - e. Si medikaman ki preskri a prezante sou fòm likid, enfimyè lekòl la ak/oswa reprezantan direktè (tris) la dwe dokimante kantite volim likid ki nan bwat oswa flakon remèd la an prezans paran/responsab la, epi yo tou de dwe siyen fòm Dosye pou administre medikaman elèv la, ak dat yo fè l la, kantite medikaman yo resevwa ak siyati yo.
5. Medikaman ki pa bezwen preskripsyon doktè pou moun achte yo
- a. Medikaman ki pa bezwen preskripsyon doktè pou moun achte yo dwe:
 - i. gen otorizasyon yon doktè;
 - ii. fèmen san dekachte nan nouvo veso orijinal li, ak
 - iii. gen etikèt ki gen non elèv la ak paran responsab la ekri sou li.
 - b. Si medikaman ki achte san preskripsyon doktè a prezante sou fòm grenn/konprime oswa kapsil, enfimyè lekòl la ak/oswa reprezantan direktè (tris) la dwe dokimante kantite konprime/kapsil ki genyen an prezans paran/responsab la, epi yo tou de a dwe siyen

Dosye pou administre medikaman elèv la ak dat yo fè l la, kantite medikaman yo resevwa a ak siyati yo.

- c. Si medikaman ki achte san preskripsyon doktè a prezante sou fòm likid, enfimyè lekòl la ak/oswa reprezantan direktè (tris) la dwe dokimante kantite likid ki nan veso a an prezans paran/responsab la, epi yo tou de dwe siyen Dosye pou administre medikaman elèv la ak dat yo fè l la, kantite medikaman yo resevwa a ak siyati yo.

6. Dwa ak Responsablite Elèv yo

- a. Pandan yo sou pwopriyete Distri a, y ap pèmèt elèv ki gen opresyon yo (asmatik) kenbe sou yo yon ponp oswa aspiratè dòz asmatik depi yo genyen yon fòm apwobasyon paran yo oswa doktè yo te ba yo alekri (sou yon "fòm otorizasyon") dapre jan Lwa § 1002.20(3)(h) Eta Florid otorize sa. Enfimyè lekòl la ak/oswa reprezantan direktè (tris) la dwe kenbe yon kopi fòm pèmision sa a nan dosye pou administre medikaman elèv la.
- b. Daprè jan sa ekri nan Règleman 5.3212 Konsèy administrasyon an distri lekòl la, elèv ki bezwen pou kontwòle nivo glikoz nan san yo pandan jou lekòl la, dapre òdonans doktè yo, responsab pou montre pwofesè yo, administratè lekòl yo ak enfimyè lekòl la, ki aparèy kontwòl ak/oswa ki sistèm enjeksyon ensilin y ap gen pou itilize depi nan kòmansman ane lekòl la oswa nan nenpòt lòt dat apre sa, dapre jan sa koresponn ak lè y ap kòmanse itilize kalite aparèy medikal sa yo nan lekòl la. Aparèy la (yo) dwe genyen etikèt ki koresponn ak esplikasyon ki bay nan seksyon (4) oswa (5) pi wo a.
- c. Pandan yo lekòl la, lè y ap patisipe nan aktivite lekòl la ap fè, oswa pandan yo nan wout pou ale oswa vini patisipe nan lòt aktivite lekòl ap fè, elèv ki soufri oswa ki gen tandans pou ta soufri ak kèk reyaksyon alèjik ki menase vi yo, dwe kapab gen dwa genyen sou yo yon enjektè epinefrin otomatik (ki pa ekipe ak sistèm pou enjekte de dòz ladan) ak pou kapab bay tèt yo enjeksyon epinefrin otomatikman, depi yo te soumèt bay lekòl a yon kopi pèmision ak apwobasyon paran/responsab yo ansanm ak doktè yo te bay alekri (sou yon "fòm otorizasyon") dapre Lwa § 1002.20(3)(i) Eta Florid. Enfimyè lekòl la ak oswa reprezantan direktè (tris) la dwe kenbe yon kopi pèmision sa a nan dosye administrasyon medikaman elèv la.
- d. Pou fasilite verifikasyon idantite elèv la pandan administrasyon medikaman/trètman an, paran/responsab la dwe bay reprezantan direktè a yon foto elèv la

7. Administrasyon Medikaman

- a. Dwe gen tout efò posib ki fèt pou eseye administre medikaman lekòl la nan yon fason ki pa p entewonp pwosesis edikatif la.
- b. Si enfòmasyon yo mande nan fòm Otorizasyon an dapre seksyon (3)(b)(i-vi) pi wo a pa disponib, oswa si bwat oswa flakon medikaman an pa gen etikèt sou li kòm sa dwa, dapre seksyon (4)(d)(i-vi), enfimyè lekòl la ak/oswa reprezantan direktè (tris) la p ap kapab administre medikaman/trètman an pou elèv la.
- c. Anplis, yo p ap administre medikaman/trètman an, epi yo dwe avèti paran/responsab la ak reprezantan direktè (tris) la pou fè yo konnen sa, si:
 - i. genyen konfli ant òdonans doktè a ak esplikasyon ki sou etikèt medikaman an (paegzanp., konfli konsènan non remèd la, non elèv la, lè pou pran medikaman an, oswa dozaj la);
 - ii. genyen posibilite pou medikaman an ta kontamine;
 - iii. si remèd la dwe pran pa vwa oral, epi elèv la pa kapab vale medikaman an nan bouch;
 - iv. vin gen chanjman nan koulè oswa konpozisyon medikaman an;
 - v. genyen yon kesyon sou idantite elèv la;
 - vi. medikaman an ekspire; oswa
 - vii. elèv la refize pran medikaman an.
- d. Yo dwe verifiye lis "vrè" ki genyen sou medikaman yo avan yo bay elèv la medikaman an. Pami lis vrè sa yo, genyen ladan yo, men se pa sa sèlman:
 - i. vrè elèv: yo dwe idantifye elèv la avan yo administre medikaman an.
 - ii. vrè medikaman: òdonans la dwe koresponn ak etikèt medikaman an.
 - iii. vrè dozaj: òdonans la dwe matche ak sa ki sou etikèt medikaman an.

- iv. Vrè lè: òdonans la dwe matche ak sa ki sou etikèt medikaman an, epi medikaman an dwe bay nan lespas trant (30) minit avan oswa apre lè ki preskri a.
 - v. Vrè endikasyon: medikaman an dwe administre kòm sa dwa. Egzanp fason moun pran remèd se inalasyon, vwa oral, enjeksyon.
 - vi. vrè dokimantasyon: apre yo fin administre yon remèd oswa bay yon tretman, yo dwe ranpli tout fòm dokimantasyon nesèsè nan dosye administrasyon medikaman elèv la.
 - e. Enfimyè lekòl/reprezantan direktè (tris) la dwe obsève pou verifye ak je yo elèv la pran medikaman an.
 - f. Medikaman moun pran pa vwa oral yo dwe pran ak dlo, amwenske òdonans doktè a endike lòt fason pou sa.
 - g. Nenpòt mankman oswa devyasyon ki fèt nan seksyon (7) Règleman sa a dwe rapòte nan dosye administrasyon medikaman elèv la ak rapòte imedyatman bay paran/responsab la ak reprezantan direktè/tris lekòl la.
8. Dosye Medikaman Endividyèl
- a. Dosye administrasyon medikaman an se yon dokiman legal.
 - b. Moun k ap administre medikaman an dwe note enfòmasyon sa yo nan dosye administrasyon medikaman elèv la chak fwa li bay elèv la yon medikaman/tretman pou l pran, epi tout enfòmasyon sa yo dwe *anrejistre alekri ak plim*:
 - i. inisyal non moun ki bay medikaman/tretman an;
 - ii. non ak dozaj medikaman/tretman an, ak
 - iii. dat ak lè medikaman /tretman an te bay; oswa
 - iv. yon nòt ki di si li te dwe bay medikaman/tretman an, men sa pa t fèt.
 - c. Nenpòt medikaman/tretman ki bay sou baz "si nesèsè" dwe anrejistre chak fwa li bay.
 - d. Tout erè ki fèt pandan y ap retire medikaman an dwe bife, ak inisyal moun ki bife l la, epi korije ak enfòmasyon ki kòrèk la; ak
 - e. Yo pa pèmèt likid korektè, gòm pou efase, riban korektè oswa lòt atik sanblab nan dosye administrasyon medikaman elèv la.
 - f. Yo dwe notifiye paran/responsab la ak reprezantan direktè(tris) lekòl la, ak medikaman/tretman ki p ap administre a, si:
 - i. pa genyen lòd doktè alekri ak/oswa siyen nan dosye administrasyon medikaman; oswa
 - ii. dosye administrasyon medikaman an pa genyen yon pèmasyon paran responsab/responsab la te siyen.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.41(1) & (2); 1001.42(22); 1001.43(7); 1006.07; 1006.062

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1001.42(6)(a); 1002.20(3); 1003.22; 1006.07; 1006.062

DOSYE ISTORIK: 18/12/74; 7/5/97; 05/08/02; 13/9/2006